Bhaibheri re vana
Rikukupai

Muranda
anobva
murwizi

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: M. Maillot; Lazarus

Rakatorwa na: M. Maillot; Sarah S.

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2014 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Mambo Josefa vakanga vafa!

Vanhu vose
muIjipita
vakachema

pamwe
chete
nemhuri
yake.

Mwari vakanga vashandisa Josefa muHeberu

kuti abatsire nyika munguva yenzara.

Akanga ari mutungamiri ane uchenjeri, uye ayifarirwa nevanhu vose. Akanga afa.

Makore zana nematatu akapfura.
VaHeberu, ...

... vanhu vakanga vari verudzi rwaJosefa vakanga vawanda munyika yeIjipita.

Mambo Farao akanga achitonga akaita kuti vose vave vashandi.

Farao akanga aine hutsinye kune vaHeberu.

Akavamanikidza kuti
vavake makuta makuru,
asi vaHeberu vakaramba
vachiwedzera.

Rimwe zuva, Farao akati,
“Vanakomana vese vaHeberu
vachazvarwa vanofanira kukandwa
murwizi
rweNile.”

Farao akanga aine hutsinye uye akanga achida kuti vaHeberu varege kuwanda.

Imwe mhuri yakanetseka vakati, "Toita sei?" Vakatora mwanakomana vavo vachibva vamuisa mubhasikiti risingapindi mvura, vachibva vamuisa murwizi.

Bhasikiti rakanga rakatakura mwana rakaerera nemvura.

Ko chii chakanga chichaitika kune mwana uyu?

Vakamira nechekure, sisi vemwana vakatarisa bhasikiti richierera nemvura.

Mwanasikana waFarao nevashandi vake vakauya kurwizi kusogeza.

Zvichida vakanga
vachafamba
vachidarika bhasikiti.

“Honai! Bhasikiti. Mukati munei?”
Mwanasikana waFarao akatuma mushandi wake kuti atore bhasikiti.

Akavhura achibva aona mwana achichema. Akataura akati, "Mwana wemuHebheru."

Mwanasikana waFaro akataura memwana achiti, “Uri mwana akanaka.”

Zvichida akataura naye nenzira
inotaura vakuru vachitaura
nevana vadiki.

Zvichida, Mwari akanga apa sisi vemwana uchenjeri.

Akamhanya kuenda kune mwana waFarao. “Ndotsvaga here mudzimai werudzi rwavaHeberu kuti achengete mwana?”

Mwanasikana wa Farao akapindura akati, “Hongu, enda.”
Unofunga kuti musikana akaenda kunotora ani?

“Amai! Huyai nokukurumidza! Kurumidzai!”

Zvichida musikana akanga asina nguva yokutsanangura. Vari vaviri vakamhanya kuenda.

Vari kurwizi, mwanasikana waFarao akatakura Mozisi.

“Ndichengeterei mwana uyu, ndinokubhadharai. Ndichamuti Mozisi.”

Zvichida Mozisi zvaireva kuti mwana anobva murwizi.

Naizvozvo Mozisi akadzoserwa kumba, kwakanga kuine vabereki vake.

Vakamudzidzisa kuda Mwari nevanhu verudzi rwavaHebheru.

Mushure menguva, akanga achaenda kunogara kuimba yaFarao nemwanasikana wake. Mwari akanga aine zvaakaronga noupenyu waMozisi.

Muranda anobva murwizi

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Ekisodho 2

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130

Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi
ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye
makauya semunhu panyika kuzofira zvitema
zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive
heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara
nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu.
Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari
mazuva ese. Johane 3:16